

Pengaruh Model Pembelajaran Kooperatif Tipe *Picture and Picture* Kana Hasil Diajar Siswa Sakola Dasar

(Quasi Eksperimen Ka Siswa Kelas IV Sakola Dasar)

Gina Septina

NPM 155060055

ABSTRAK

Dumasar observasi nu dilakukeun di kelas IV SD Negeri 1 Suntenjaya meunang iber yén di éta kelas geus ngagunakeun kurikulum 2013. Tapi proses lumangsungna pembelajaran di kelas IV katémbong kurang efektif. Masih loba siswa nu ngobrol waktu kagiatan diajar, kurang niténan guru waktu nerangkeun. Lian ti éta, kurang maksimalna ngagunakeun media ajar, ku sabab kacida héséna midangkeun media ajar dina kagiatan ngajardi kelas. Tujuan dina ieu panalungtikan nya éta pikeun mibanda gambaran hasil diajar siswa nu ngagunakeun Model Pembelajaran Kooperatif Tipe *Picture and Picture* kana hasil diajar siswa kelas IV SD Negeri Suntenjaya. Ieu Panalungtikan mangrupa panalungtikan kualitatif tipe *Quasy Experimental Design*, subyek ieu panalungtikan nya éta siswa kelas IV SD Negeri 1 Suntenjayanu jumlah populasina 58 siswa. Sampel panalungtikana nya éta kelas IV A minangka kelas eksperimen ku model pembelajaran *Picture and Picture*, Kelas IV B minangka kelas kontrol ngagunakeun metode ekspositori. Teknis analisis data ngagunakeun uji normalitas, uji homogenitas, uji linearitas, uji regresi linear sederhana, jeung Uji T. Dumasar beubeunagan data nu ku panalungtik dihasilkeun yén rata-rata peunteun leuwih punjul kelas eksperimen ti batan kelas kontrol, buktina dina pangajaran hiji peunteun post-test kelas eksperimen nya éta 85 jeung kelas kontrol 74,75 bédana 10,7. Dina pangajaran 3 peunteun post-test kelas eksperimen nya éta 81,5 jeung kelas kontrol 71, bédana 10,5. Pada pangajaran 5 peunteun post-test kelas eksperimen nya éta 78,5 jeung kelas kontrol 74 bédana 4,5. Data jeung nguji nu geus dilakukeun ku panalungtik bisa dicindekeun yén panalungtikan nu geus dilakukeun ka siswa kelas IV SD Negeri 1 Suntenjaya aya perbedaan kelas eksperimen jeung kelas kontrol, buktina ku hasil regresi linear sederhana data kelas eksperimen jeung kelas kontrol, signifikansi nu gedéna $0,000 < 0,05$ bisa dicindekeun yén model *Picture and Picture* aya pangaruhna kana hasil diajar siswa di kelas IV A.

Kecap Pamageuh : Model Pembelajaran *Picture and Picture*, Hasil diajar